



**Komisyon pou Jistis Rasyal Vil New York
Seyans Opinyon Piblik Vityèl
Jedi 18 novanm 2021 a 5:00 p.m.**

AVI SEYANS OPINYON PIBLIK

Komisyon pou Jistis Rasyal (Racial Justice Commission) Vil New York la pral organize yon Seyans Opinyon Piblik vityèlman sou Zoom sou chanjman estriktirèl yo nan Konstitisyon NYC an pou akonpli egalite rasyal. Seyans la ap kòmanse a 5:00 p.m. nan dat jedi 18 novanm 2021.

Seyans opinyon piblik la ap fèt vityèlman sou Zoom:

Jedi 18 novanm
5:00 – 8:00 PM

Ou dwe enskri alavans pou bay opinyon w: bit.ly/nyc4rj-virtual

Manm yo nan piblik la gen dwa gade oswa koute seyans la a distans:

- Gade li an dirèk sou YouTube on.nyc.gov/racialjusticepublicinput
- Rele sou telefòn pou koute seyans opinyon an avèk enfòmasyon ki pi ba a yo:
 - Rele: +1 646 558 8656
 - Antre Nimewo Webinè a: 839 2403 2801

Reyinyon sa a ouvè pou piblik la e piblik la ap gen chans temwaye devan manm Komisyon an. Chak manm piblik la gen dwa temwaye pandan jiska twa (3) minit, sa gen ladan yon sèl reprezantan yo deziyen pou yon gwoup, òganizasyon, oswa enstitisyon. Moun New York soti nan nenpòt nan senk awondisman yo gen dwa temwaye. N ap fè tout posib nou pou akomode tout moun ki enskri pou pale nan seyans sa a.

E si mwen bezwen asistans pou gade reyinyon an?

Ap gen entèpretasyon an Langaj Siy Ameriken sou entènèt Tanpri fè demann pou entèpretasyon lang ak/oswa pou lòt aksesibilite disi 10:00 a.m. nan dat 15 novanm 2021 pa imèl bay Komisyon an nan requests@charter.nyc.gov oswa pa telefòn nan (718) 354-2718 epi kite yon mesaj vokal. N ap akomode tout demann yo nan mezi sa posib.

Enfòmasyon sou Komisyon pou Jistis Rasyal NYC an

Konstitisyon Vil New York la prevwa estrikti gouvnènman Vil la ak pouvwa pi enpòtan yo ke ofisyèl eli yo ak ajans yo genyen nan Vil la. Komisyon pou Jistis Rasyal la gen otorite yon komisyon pou revizyon konstitisyon, ki se yon komisyon pwovizwa k ap egzaminen tout Konstitisyon an epi fè elektè yo pwopozisyon pou amannman li. Komisyon pou Jistis Rasyal la gen pouvwa tou pou li rekòmande lòt pwopozisyon politik

ak chanjman pwogram ki pa antre nan pwopozisyon amannman li yo.

Deklarasyon Misyon: Komisyon pou Jistis Rasyal la, avèk otorite legal yon Komisyon pou Revizyon Konstitisyon, pral pwofite posibilité transfòmasyon ki genyen nan moman sa a nan listwa pou idantifye ak pwopoze chanjman estriktirèl ak gwo refòm politik ki pral fè vanse jistis ak egalite rasyal epi kòmanse demantibile rasis estriktirèl la pou tout moun New York. Travay sa a nesesè poutèt rasis enstítisyonèl la te modle e kontinye ap modle reyalite nou. Komisyon an pral chèche pwodui yon gid rijid, baze sou enfòmasyon li jwenn nan men kominate a ak sou done pou modle chimen k ap fè nou vanse a nan direksyon yon Vil New York san paspouki, ekitab, ak jis. Pandan l ap konsantre sou sa li kapab okipe sèlman pase pa Konstitisyon Vil New York la, Komisyon an gen dwa ajoute tou rekòmandasyon sou chanjman nan nivo eta ak federal, ke menm konpayi prive sa yo ta dwe antreprann, pou derasinen inegalite a.